

# DDT, DDE, ak DDD - ToxFAQs™

CAS # 50-29-3, 72-55-9, 72-54-8

Fèy enfòmasyon sa a bay repons pou pifò kesyon moun poze souvan (FAQs) sou sante konsènan DDT, DDE, ak DDD. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Sant Enfòmasyon CDC (CDC Information Center) nan nimewo 1-800-232-4636. Fèy enfòmasyon sa a se youn nan yon seri rezime sou sibstans danjere ak efè yo genyen sou sante. Li epòtan pou ou konprann enfòmasyon sa yo paske sibstans sa a ka danjere pou ou. Lè ou ekspoze nan nenpòt sibstans danjere, efè li depannde dòz la, kantite tan ou ekspoze ladan, kijan ou ekspoze ladan, karakteristik pèsònèl ou ak abitud ou, epitou si gen lòt sibstans chimik ki la lè ou ekspoze ladan.

**REZIME:** Moun ekspoze nan DDT, DDE ak DDD sitou lè yo manje sa ki gen ti kantite konpoze sa yo, espesyalman vyann, pwason, ak vyann bèt volay. Nivo wo DDT kapab afekte sistèm nève a, sa k ap lakòz sansibilite, latranblab ak malkadi. Sou fanm yo, DDE kapab lakòz yon rediksyon nan dire laktasyon ak plis chans pou akouche yon tibebe anvan lè. Yo te jwenn DDT, DDE, ak DDD nan omwen 442 sou 1,613 chantye nan Lis ki Gen Pwòpriyete Nasyonal [National Priorities List (NPL)] Ajans Pwoteksyon Anviwònman [Environmental Protection Agency (EPA)] te idantifye.

## Kisa DDT, DDE, ak DDD yo?

DDT (diklowo-difenil-triklòretàn) se yon pestisid yo te konn itilize anpil lontan pou kontwole ensèk nan agrikilti ak ensèk ki pote maladi tankou malarya. DDT se yon solid blan, kristalen, ki pa gen ni odè ni gou. Yo te entèdi itilizasyon li nan Etazini nan ane 1972 akòz domaj li fè nan lanati, men yo toujou itilize li nan kèk peyi.

DDE (diklowo-diklowofenil-etilèn) ak DDD (diklowo-difenil-diklòretàn) se sibstans chimik ki sanble avèk DDT ki kontamine preparasyon DDT komèsyal. DDE pa gen itilizasyon komèsyal. Yo te itilize DDD tou pou touye bèt nuizib, men yo te entèdi itilizasyon li tou. Yo te itilize yon fòm DDD pou rezon medikal pou trete kansè glann sirenal.

## Kisa k ap pase DDT, DDE ak DDD lè yo antre nan anviwònman an?

- DDT te antre nan anviwònman an lè yo t ap itilize li kòm yon pestisid; li toujou antre nan anviwònman an paske yo itilize nan moman an nan lòt peyi.
- DDE antre nan anviwònman an kòm kontaminan oswa pwodui degrade DDT; DDD antre nan anviwònman an tou kòm yon pwodui degrade DDT.
- Limyè solèy la dekonpoze DDT, DDE ak DDD ki nan lè a byen vit. Mwatye sa ki nan lè a dekonpoze nan 2 jou.
- Yo kole di nan tè; mikwo-òganis yo dekonpoze pifò DDT ki nan tè dousman pou yo vin DDE ak DDD; mwatye DDD ki nan tè ap dekonpoze nan 2-15 ane, selon kalite tè a.
- Se sèlman yon ti kantite k ap pase nan tè a pou ale nan dlo anba tè; yo pa fonn fasil nan dlo.
- DDT, epi sitou DDE, anpile nan plant ak nan tisi gra pwason, zwazo, ak lòt bèt.

## Kijan mwen ta ka ekspoze nan DDT, DDE, ak DDD?

- Si ou manje sa ki kontamine, tankou legim ki donnen nan rasin ak legim fèy, vyann ki gra, pwason ki gra ak vyann bèt volay ki gra, men nivo yo ba anpil.
- Si ou manje sa ki kontamine ki soti nan peyi ki toujou aksepte yo itilize DDT pou kontwole bèt nuizib yo.
- Si ou respire lè ki kontamine oswa si ou bwè dlo kontamine toupre kote ki gen dechè ak ranblè ki ka gen nivo sibstans chimik sa yo ki wo anpil.
- Tibebe ki nan tete nan manman ki te ekspoze.
- Si ou respire oswa vale patikil tè ki toupre kote ki gen dechè oswa ranblè ki gen sibstans chimik sa yo.

## Kijan DDT, DDE ak DDD kapab afekte sante mwen?

DDT afekte sistèm nève a. Moun ki te vale gwo kantite DDT pa aksidan te vin fasil pou eksite epitou yo te gen latranblad ak malkadi. Efè sa yo te ale apre moun yo pa t ekspoze ankò. Yo pa t obsève efè sou moun ki te pran ti dòz DDT chak jou sou fòm kapsil pandan 18 mwa. Yon etid yo fè sou moun te montre fanm ki te gen gwo kantite nan yon fòm DDE nan lèt tete yo pa t kapab bay tibebe yo tete pandan tout tan fanm yo te gen to DDE nan lèt tete yo. Yon lòt etid yo fè sou moun te montre fanm ki te gen gwo kantite DDE nan san yo te gen plis chans pou yo fè tibebe yo anvan lè. Sou bèt yo, lè yo ekspoze pandan yon ti tan nan gwo kantite DDT nan manje sa te afekte sistèm nève yo, menmsi lè yo te ekspoze nan pi piti kantite pandan anpil tan sa te afekte fwa yo. Epitou sou bèt yo, lè bèt yo ekspoze nan bouch pandan yon ti tan nan ti kantite DDT oswa nan pwodui degrade li sa ka gen efè danjere sou repwodiksyon yo tou.

# DDT, DDE, ak DDD - ToxFAQs™

**CAS # 50-29-3, 72-55-9, 72-54-8**

## Kijan DDT, DDE ak DDD kapab lakòz kansè?

Etid yo fè sou travayè ki te ekspoze nan DDT pa t montre ogmantasyon nan kansè. Etid yo fè sou bèt yo te ba DDT avèk manje montre DDT kapab lakòz kansè nan fwa.

Depatman Sante ak Sèvis Sosyal [Department of Health and Human Services (DHHS)] detèmine yo ka prevwa DDT se yon sibstans ki ka lakòz moun gen kansè nan yon fason ki rezonab.

Ajans Entènasyonal pou Rechèch sou Kansè [International Agency for Research on Cancer (IARC)] detèmine DDT ka pètèt lakòz moun gen kansè. EPA te detèmine DDT, DDE ak DDD ka pètèt lakòz moun gen kansè.

## Kijan DDT, DDE ak DDD kapab afekte timoun?

Pa gen etid yo fè sou efè sou sante timoun ki te ekspoze nan DDT, DDE ak DDD. Nou kapab sipoze timoun ki ekspoze nan gwo kantite DDT ap gen efè sou sante yo ki sanble avèk efè yo obsève sou adilt yo. Men, nou pa konnen si timoun yo diferan avèk adilt yo nan sansiblite yo nan sibstans sa yo.

Pa gen prèv ki montre DDT, DDE oswa DDD lakòz malfòmasyon nan nesans sou moun. Yon etid yo fè te montre ti gason adolesan ki gen manman yo ki te gen pi gwo kantite DDE nan san yo lè manman yo te ansent te pi wo pase ti gason adolesan ki gen manman yo ki te gen nivo pi ba DDE. Men, yon etid diferan te jwenn opoze a nan ti fi pre-adolesan yo. Nou pa konnen rezon pou diferans ant etid sa yo.

Etid yo fè sou rat montre DDT ak DDE kapab imite aksyon òmòn natirèl epi nan fason sa a li kapab afekte devlopman sistèm repwodiksyon an ak sistèm nève a. Pibète te pran rete sou rat mal yo te bay gwo kantite DDE lè yo te jèn. Sa kapab rive pètèt sou moun.

Yon etid yo fè sou sourit te montre lè sourit yo ekspoze nan DDT pandan premye semèn lavi yo sa ka lakòz pwoblèm newo-konpòtmantal pita nan lavi yo.

## Kijan fanmi yo kapab redui risk pou yo ekspoze nan DDT, DDE ak DDD?

- Pifò fanmi yo ap ekspoze nan DDT lè yo manje sa ki kontamine avèk ti kantite DDT oswa lè yo bwè likid ki kontamine avèk ti kantite DDT.
- Lè pwason an kwit sa ap redui kantite DDT ki ladan.
- Si ou lave fwi ak legim yo sa ap retire pifò DDT ki nan sifas yo.
- Swiv konsèy sou sante ki ba ou enfòmasyon sou fason pou manje pwason ak bèt sovaj yo kenbe nan zòn ki kontamine yo.

## Èske gen yon tèst medikal pou montre si mwen te ekspoze nan DDT, DDE ak DDD?

Tès laboratwa kapab detekte DDT, DDE ak DDD nan grès, san, pipi, espèm ak lèt tete. Tès sa yo ka montre si yon moun te ekspoze nan nivo ki ba, ki modere, epi ki twò wo nan konpoze sa yo, men tèst yo pa kapab endike nan ki kantite egzat ou te ekspoze a, oswa si w ap gen efè segondè. Tès sa yo pa disponib nòmalman nan klinik doktè paske yo dwe fèt nan ekipman espesyal.

## Èske gouvènman federal la te fè rekòmandasyon pou pwoteje sante moun?

Administrasyon pou Sekirite ak Sante nan Travay [Occupational Safety and Health Administration (OSHA)] fikse yon limit 1 miligram DDT pou chak mètr kib lè (1 mg/m<sup>3</sup>) nan espas travay pou yon peryòd travay 8 èdtan, yon jounen travay 40 èdtan.

Ajans Etazini pou Kontwòl Manje ak Medikaman [Food and Drug Administration (FDA)] fikse limit pou DDT, DDE, ak DDD nan danre alimantè kote ajans lan ap pran mezi legal nan limit lan oswa anwo limit lan pou retire pwodui yo sou mache a.

## Referans

Agency for Toxic Substances and Disease Registry (ATSDR). 2002. Toxicological Profile for DDT/DDE/DDD (Update). Atlanta, GA: U.S. Department of Health and Human Services, Public Health Service.

## Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?

Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Agency for Toxic Substances and Disease Registry, Division of Toxicology and Human Health Sciences, 1600 Clifton Road NE, Mailstop F-57, Atlanta, GA 30333.

Telefòn: 1-800-232-4636, FAKS: 770-488-4178.

ToxFAQs™ Adrès Entènèt nan WWW se <http://www.atsdr.cdc.gov/toxfaqs/index.asp>.

ATSDR kapab fè ou konnen kote pou jwenn klinik sante nan travay ak anvivònman. Espesyalis yo kapab rekonèt, evalye, epi trete maladi moun pran lè yo te ekspoze nan sibstans danjere. Ou kapab kontakte depatman sante kominotè oswa depatman sante eta a oswa depatman kalite anvivònman si ou gen nenpòt lòt kesyon oswa enkyetid.